



Sistèm Lekòl Piblik Jefferson Parish

Lèt Notifikasyon Paran pou Plasman nan Pwogram ak Sèvis pou Moun kap Aprann Lang Angle nan Ane Akademik 20__ - 20__ lan

DAT: (mm/jj/aa) _____

Pou paran (yo)/gadyen legal (yo) _____ ki nan klas _____.

Sistèm Lekòl Piblik Jefferson Parish (Jefferson Parish Public School System - JPPSS) angaje tèt li pou li bay pwogram ansèyman ak anrichisman ki pral satisfè bezwen tout elèv nan lekòl nou yo. Dapre objektif edikatif distri a, nou kreye yon pwogram endividyèl ansèyman akademik pou adrese bezwen espesyal pitit ou nan lang.

Biwo pou Moun kap Aprann Lang Angle a (Office of English Language Learners - OELL) egziste pou asire ke timoun ki pa genyen Angle kòm lang manman yo, epi/oswa ki gen limitasyon nan Angle, patisipe epi pèfòme ak siksè nan yon sistèm edikatif. Objektif pwogram nan se pou anseye elèv kap Aprann Lang Angle a (English Language Learners - ELL) Angle osi vit sa posib epi pou ogmante pèfòmans nan evalyasyon nan distri a epi tout eta a. Apre yo fin teste elèv yo kap Aprann Lang Angle a epi paran yo aksepte plasman yo, yo mete yo nan klas Angle kòm Dezyèm Lang (English as Second Language -ESL) ak nan klas kontni selon konpetans yo nan Angle. Yo mete elèv ELL yo nan kou ki gen kontni apwopriye ak klas yo epi yo mete yo nan klas ESL selon bezwen enstriktif yo.

Pou elèv ELL yo ke yo idantifye kòm elèv ki gen andikap, yon ekip IEP ki genyen pwofesè edikasyon jeneral, ESL ak SPED devlope epi aplike yon Plan Edikatif Endividyalize (Individual Educational Plan - IEP) ki baze sou bezwen enstriktif/fizik/sosyal/emosyonèl yo. Administratè, paran ak pwofesyonèl nan sèvis asosye yo patisipe tou nan devlopman ak aplikasyon IEP a. Yo bay regilyèman elèv yo ki nan edikasyon espesyal ak sa yo ki kalifye pou Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon an enfòmasyon enstriktif adisyonèl.

PWOGAM ESPESYALIZE POU LANG

Pwogram espesyalize pou lang ke JPPSS bay enkli, men se pa sa sèlman:

- Angle kòm Dezyèm Lang (ESL)
- Retire/mete nan ESL
- Klas ki fèt pou ESL
- Ansèyman sipèvize nan Angle

Pwogram espesyalize ki anwo yo pral pèmèt pitit ou vin konpetan nan Angle epi jwenn aksè nan kourikoulòm edikasyon jeneral la pou garanti siksè akademik nan lekòl.

Pwofesè sètifye ki konpetan ni nan Angle oral ni nan Angle alekri anseye tout pwogram anwo yo epi nenpòt ki lòt lang ansèyman ke yo itilize ak pitit ou.

REKÒMANDASYON POU PLASMAN NAN ESL

Se evalyasyon konpetans nan Angle, reysit objektif edikatif apwopriye, nòt LEAP/ILEAP/EOC ak nòt ELDA yo ki detèmine plasman edikatif pitit ou.

Dosye nou yo endike ke nivo aktyèl pitit ou pou evalyasyon nan Angle se:

- (sèkle youn) **K-LEP** **Debitan** **Entèmedyè** **Avanse**

Selon nivo sa a, nou rekòmande pou pitit ou patisipe nan pwogram ESL ke yo bay nan lekòl distri w (*Elèv ki gen bezwen espesyal yo evalye tou pou plasman nan lekòl lan ki kapab bay ni sèvis SPED ni sèvis ESL*). Si pitit ou se yon elèv ki gen bezwen espesyal, Depatman Edikasyon Espesyal JPPSS la pral voye pou ou yon avi pou pitit ou.

PWOSEDI POU SOTI NAN PWOGRAM ESPESYALIZE POU LANG NOU SE:

1. Pou ane K-2:
 - a. de lane nan nivo konpoze V nan evalyasyon devlopman pou lang Angle a (English language development assessment -ELDA); oswa, nan menm ane a;
 - b. nan nivo konpoze V nan ELDA epi nan nivo klas/nivo referans/risk fèb nan yon evalyasyon lekti estanda, tankou Fountas & Pinnell.
2. Pou ane 3-8:
 - a. nan nivo konpoze V sou ELDA; oswa, nan menm ane a;
 - b. nan nivo konpoze 4 IV nan ELDA epi nan nivo konpetans nan evalyasyon kontni eta a pou ELA oswa lang Angle.
3. Pou ane 9-12:
 - a. nivo konpoze V nan ELDA: oswa, nan menm ane a;
 - b. nan nivo konpoze IV nan ELDA epi nan nivo konpetans nan ELA oswa evalyasyon kontni eta a pou Angle nan ane akademik ki pi resan an.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele biwo mwen nan _____ pou gen yon randevou.
Mwen pa kapab tann pou mwen rankontre w epi pou mwen anseye pitit ou.

Sensèman,

Direktè

SEKSYON KONSANTMAN PARAN

NOTIFIKASYON PARAN POU SÈVIS ESPESYALIZE POU LANG

Dapre gid pou Lwa sou zafè Chak Elèv Reyisi (Every Student Succeed Act - ESEA), distri lekòl la dwe enfòme paran yo chak ane sou dwa yo genyen pou **aksepte** oswa **refize** patisipasyon pitit yo nan pwogram espesyalize pou lang lan.

_____ Mwen **AKSEPTE** sèvis ESL yo pou pitit mwen, _____. Yo pral mete yon fason ki apwopriye pitit gason/pitit fi mwen nan yon pwogram espesyalize ansèyman lang.

_____ Mwen **REFIZE** sèvis ESL yo pou pitit mwen, _____. Yo pral mete pitit gason/pitit fi mwen nan klas edikasyon jeneral kap fèt sèlman nan lang Angle san okenn pwogram espesyalize ansèyman lang. Mwen konprann ke, federalman, yap kontinye idantifye pitit gason/pitit fi mwen tankou yon Moun kap Aprann Lang Angle a (English Language Learner - ELL) epi li **oblige** dapre eta Louisiana a pou li pran chak ane Evalyasyon Devlopman nan Lang Angle a (English Language Development Assessment -ELDA) ki mezire ki valè Angle yon elèv aprann pandan ane akademik la e ki yon faktè desizif pou konnen si li ka soti nan pwogram nan ane akademik ki annapre a.

Siyati Paran an

Dat

***Avi Enpòtan:** Si lekòl la **pa resevwa yon Lèt Notifikasyon Paran pou Plasman ki siyen nan lesplas 2 semèn dat la ki make anwo a, yo pral enskri pitit gason/pitit fi w otomatikman nan pwogram ESL espesyalize a ki rekòmande.**

Nou kwè ke li trè enpòtan pou elèv nou yo fè pwogrè kontinyèl chak ane, epi patisipasyon nan pwosesis sa enpòtan pou nou. Si w enterese pou rantre nan Komite Konsiltatif ELL nou pou Paran pou diskite sou plis mwayen pou ogmante nivo pèfòmans elèv ELL nou yo, tanpri kontakte Maria Marroquin nan maria.marroquin@jppss.k12.la.us oswa (504) 349-7776.